

.....

Mon Bilan Prévention Nan 5 kesyon



Randevou gratis ou

1 Kisanou ofri?

Sa a se yon chans pou w egzamine sante w ak pwofesyonèl swen sante w chwazi a: yon **doktè, famasyen, fanmsaj** oswa **enfimyè**. Tchèkòp sante sa a **gratis**.

2 Ki jan sa mache?

Ou ka pale ak pwofesyonèl swen sante a sou sa ki **enpòtan pou ou**. Sa a ta ka aktivite fizik, vaksen, sante seksyèl, somèy, rejim alimantè, fimen, alkòl, elatriye.



W ap resevwa **konsèy ki adapte a bezwen w ak sitiyasyon w ak yon plan prevansyon pèsonalize**.

3 Ki moun ki gen dwa ak sa?

Tout adilt ki gen laj 18–25, 45–50, 60–65 ak 70–75. Ou dwe gen yon **Carte Vitale** oswa **AME** (asistans medikal leta si w pa gen yon pèmi rezidans).



4 Ki kote mwen ale pou tchèkòp sante prevansyon mwen an?

Nan lokal pwofesyonèl swen sante w te chwazi a. Li pral fèt nan yon espas **privè** kote pèsonn pa ka tande konvèsasyon w lan.



5 Kijan pou mwen fè aranjman pou tchèkòp sante prevansyon mwen an?

Pran yon randevou

- Kontakte yon pwofesyonèl k ap patisipe nan Mon Bilan Prévention (Tchèkòp Prevansyon Mwen) pa telefòn oswa sou Entènèt.



Anvan randevou a

- Ou ka prepare lè w ranpli yon kesyonè, swa sou entènèt oswa yon kopi sou papye.
- Ou ka mande yon **asosyasyon** oswa yon **travayè sosyal** pou l ede w pran randevou a, prepare w pou w fè tchèkòp sante a oswa jwenn yon **entèprèt**.



Sa w dwe konnen

- Ou pa oblije enskri laky yon **doktè jeneralis**.
- Yo ka ofri **pwosedi medikal** tankou tès depistaj oswa vaksen. Yo ranbouse sa yo dapre kondisyon abityèl yo.

